

ABSTRAK

Indri Andriani. 2017. *Pamakean LKS nganggo Modél Pembelajaran Inkuiri Terbimbing Pikeun Ngaronjatkeun Hasil Diajar Siswa dina Materi Sel*. Pembimbing kahiji Prof. Dr. H. Toto Sutarto Gani Utari, M.Pd. sareng Pembimbing kadua Drs. Yusuf Ibrahim, M.Pd., M.P.

Panalungtikan ieu dumasar kana kasang tukang rendahna hasil diajar siswa kelas XI MIA di SMAN 1 Parongpong dina hiji konsep, sabab siswa masih seusah dina pamahaman materi kusabab pangajaran masih dipuseurkeun kana guru janteun siswa heunteu tiasa ngabangun kauninga nyalira. Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun nangtukeun hasil pembelajaran siswa dina diajar nganggo LKS modél pembelajaran inkuiri terbimbing tinu materi sél di SMAN 1 Parongpong. Ulikan ieu ngagunakeun métode panalungtikan pre-eksperimen, sareng desainna nyaéta hiji grup pretés postés desain tanpa nganggo kelas kontrol. Sampel anu digunakeun nyaéta kelas XI MIA 4 kalayan jumlah siswana 32 jalma. Hasil némbongkeun rata-rata hasil diajar siswa dina pretés nyaéta 30, sareng rata-rata postés nyaéta 80, dumasar tinu hasil nilai tes n-gain nyaéta 0,71 anu hartosna aya kanaékan hasil diajar siswa nu tumiba kana kategori luhur, ogé hasil itungan tes hipotesa data pretés jeung postés némbongkeun béda anu signifikan antara hasil pretés jeung postés kusabab ditinggal tinu nilai probabilitas dina kolom signifikan pikeun pretés jeung postés nyaéta 0,000. sahingga hipotésis nol (H_0) ditolak sarta H_1 ditampi. Jadi tiasa disimpulkeun yén panggunaan LKS nganggo modél pembelajaran inkuiri terbimbing tiasa ningkatkeun hasil diajar siswa sacara signifikan tinu materi sel.

Kecap Konci : LKS, Modél Pembelajaran Inkuiri Terbimbing, Hasil Diajar, Materi Sel